

Detèminasyon Elijibilite

Etap 1 : Kilès ki elijib ?

Objektif : Detèmine Nivo Preparasyon Elèv yo

Peryòd Admisyon an	Kritè yo	Pwa
Ane Skolè 2020-2021	Nòt Evalyasyon	50% 50%
Ane skolè 2021-2022	Nòt (Elèv yo kapab itilize MCAS la tou pou yo kalifye)	100%
Ane Skolè 2022-2023, e aprè	Opsyon Posib (yo) : Evalyasyon Nòt Validasyon Edikatè yo Pòtfèy Elèv yo Endikatè Nivo Povrete ki Wo	N ap detèmin e sa pi devan

Pwosesis Pwopoze a :

1. Evalyasyon

Yon elèv dwe satisfè kèk kondisyon minimòm pou elijibilite (pa egzanp, atenn yon nòt ekivalan de « satisfè atant yo » oswa « depase atant yo » nan egzamen MCAS la).

1. Nòt

Yon elèv dwe fè yon mwayèn nòt B oswa pi wo.

- Ane skolè 2022-2023 a : Premye de (2) trimès klas 6yèm ane a nan ELA (Gramè ak Literati Anglè), Matematik, Syans, ak Syans Sosyal.
- Ane Skolè 2023-2024 la e aprè : Dènye trimès klas 5yèm ane a ak premye de (2) trimès klas 6yèm ane a nan ELA (Gramè ak Literati Anglè), Matematik, Syans, ak Syans Sosyal.